



Plan Dijans pou Sizoka Manm Fanmi nan Prizon oswa Depòtasyon

Ou pa poukont ou. Pi bon repons la sèke ou prepare!

Prepare yon Plan:

1. Avèk mari oswa madanm ou epi lòt granmoun nan kay la, fè yon lis, ke tout moun ka wè, ki gen zanmi ak manm fanmi ki kapab ede sizoka yon manm nan fanmi ou nan prizon.
2. Jwenn yon moun ki pral pran swen timoun ou si yo depòte ou oswa yo depòte mari/madanm ou. Pale ak moun nan konsènan responsablite okipe timoun ou yo. Si li posib sere enpe kòb pou ede avèk depans yo ak revni ki pèdi akòz yon moun ki nan prizon.
3. Si li posib, mete lajan nan yon fon dijans pou ede avèk depans yo ak revni ki pèdi si yon moun nan prizon.
4. Pran tan pou korije enfòmasyon pou kontak pou ijans nan lekòl timoun ou pou ajoute non ak nimewo telefòn granmoun (pa egzanp, manm fanmi, zanmi, bebisitè, vwazen, oswa lòt paran nan lekòl la) ki kapab vin chèche timoun ou si ou absan. Fè sa pou lekòl ou, pre-k, pwogram gadri ak nenpòt pwogram apre-lekòl timoun ou patisipe ladan.
5. Si ou gen timoun ki Sitwayen Ameriken, asire yo gen Paspò Ameriken yo sizoka depòtasyon ou an fè li nesèsè pou yo vwayaje andeyò Etazini. Fòm yo disponib nan tout Biwo Lapòs Ozetazini.
6. Fè fotokopi tout dokiman imigrasyon ou. Fè yon zanmi oswa yon manm fanmi ke ou fè konfyans kenbe yon kopi tout dokiman ou.
7. Fè yon lis bagay timoun yo dwe fè si paran yo pa antre lakay yo lè yo ta sipoze antre.
8. Fè yon lis bagay paran an oswa gadyen an kapab fè sizoka gen depòtasyon oswa prizon.
 - a. Rele yon ajans kominotè ki bay èd legal pou imigrasyon.
 - b. Si yon manm fanmi oswa yon zanmi nan prizon epi li pa gen yon avoka, moun sa a oswa yon manm fanmi ka rele Liy Dirèk Sosyete Èd Legal (Legal Aid Society) pou Imigrasyon:

844-955-3425

- Si yon moun nan prizon epi ou pa konnen kikote li ye, ou ka rele ICE nan 212.264.5085 oswa chèche sou entènèt nan www.ice.gov/locator
 - Kenbe yon lis manm fanmi ak nimewo yo nan peyi ou kote ou soti a pou rele nan kadijans.
9. Toujou gen sou ou nimewo telefòn founisè sèvis legal ak manm fanmi ke ou ka rele sizoka ou nan prizon.
 10. Sonje byen, si ajan ICE yo arete ou, ou gen dwa pou rete an silans! Ou dwe bay non ou ak bay idantifikasyon ou, men ou pa oblije reponn lòt kesyon ajan an, ni siyen dokiman ou pa konprann.
 11. Si yon ajan rive lakay ou, li ka antre sèlman si li gen yon manda pou fouye **OSWA** si yon moun nan kay la pèmèt li antre. Si ou sispèk ajan ICE yo lakay ou epi yo pa gen yon manda pou fouye, **PA** louvri pòt la.
 12. Si ou te Ozetazini pandan plis pase de zan, rasanble epi kenbe dokiman ki montre ou te nan peyi a anpèmanans.

Aprann dwa ou yo! Rete okouran tout dwa ou genyen yo anvan fanmi ou afekte.